# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## “Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў” атамасындағы республикалық әмелий-методикалық семинар шөлкемлестириў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинин 2020-жыл 13-августтағы “Халық билимлендириў системасында үзликсиз методикалық хызмет көрсетиў жумысларын және де раўажландырыў ҳаққында”ғы 183-санлы буйрығы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Республика оқыў методикалық орайының 2020-2021-оқыў жылы ис режесинде белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман**:

1. 2021-жылдың 29-апрель күни Елликқала районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде **“Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў”** атамасындағы Республикалық әмелий - методикалық семинары өткерилсин.

2. **Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов), Республикалық оқыў-методикалық орайы (Қ.Жубанов)на:**

еки күн мүддет даўамында әмелий-методикалық семинардың бағдарламасын ислеп шығыў;

Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлерин оқытыўдағы ушырасып атырған машқалалар ҳәм олардың шешимин табыў, оқыўшыларға сапалы билим бериўде креативлик қатнас жасаў бойынша тезислерди жыйнаў ҳәм улыўмаластырыў;

семинарда жоқары оқыў орынларының профессор-оқытыўшылары менен бирге ислесиў бойынша жумысларды әмелге асырыў;

Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлеринен оқытыўдың сыпаты ҳәм нәтийжелилигин арттырыўда креативлик қатнас жасаў бойынша билдирилген пикир-усынысларды улыўмаластырыў;

республикалық әмелий - методикалық семинарды ғалаба хабар қураллары арқалы кең түрде жәриялаў тапсырылсын.

3. **Елликқала районлық халық билимлендириў бөлими (А.Нуримбетов) не 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде « Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў»** атамасындағы Республикалық әмелий методикалық семинарды жоқары шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў мақсетинде зәрүр болған техникалық көргизбели қураллар менен тәмийинлеў ўазыйпалары жүклensин.

**3. Барлық район (қала) лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

2 күн мүддетте Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлеринен оқытыўда ушырасып атырған машқалалар ҳәм олардың шешимин табыў, оқыўшыларға сапалы билим бериўде креативлик қатнас жасаў бойынша тезислерди Республикалық оқыў-методикалық орайына (diliya_@inbox.uz ) жеткерип бериў;

« **Сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў** » атамасында өткерилетуғын республикалық әмелий-методикалық семинарға Район (қала)лық халық билимлендириў бөлими Әмелий пәнлер методисти, сызыў ҳәм сүўретлеў өнери, технология, музыка мәденияты пәнлериниң ҳәр биринен бир тәжирийбели муғаллимлерди қатнастырыў ўазыйпалары тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 23 - Апрель
№ 110